



Defandè konfidansyèl kont vyolans seksyèl

Defandè konfidansyèl kont vyolans seksyèl yo (Confidential Sexual Violence Advocates, CSVA) sèvi nan pwogram kont vyolans seksyèl ki nan 21 konte New Jersey yo. Yo itilize konesans yo genyen sou twomatis yo pou bay èd yo lè gen yon entèvansyon pou kriz ki fèt, pou reponn apèl nan sant asistans yo e pou defann moun ki siviv yo.

MEN KI SÈVIS YON CSVA KA BAY:

- *Sipò nan entèvansyon pou kriz ak sipò emosyonèl konfidansyèl.*
- *Referans ak enfòmasyon sou resous ki disponib yo.*
- *Akonpayman pou ale lopital, nan pòs polis ak nan tribinal.*

CSVA toujou ap resevwa fòmasyon ki espesyalize anpil sou tout sa ki gen rapò ak vyolans seksyèl la, sou efè twomatis yo kapab genyen sou moun ki siviv yo ak sou bon pratik pou soutni epi byen ekipe moun ki siviv yo ak moun ki pwòch yo lè yo itilize diferan sistèm. CSVA respekte otonomi chak moun ki siviv yo soutni epi yo bay bezwen ak sekirite moun ki siviv yo priyorite nan tout sa y ap fè.



Moun ki siviv yo ak moun ki pwòch yo kapab benefisye yon sipò ki gratis, ki plen konpasyon e ki konfidansyèl nan men yon defandè konfidansyèl kont vyolans seksyèl la.

PWOTEJE KONFIDANSYALITE MOUN KI SIVIV YO

CSVA yo se defandè konfidansyèl yo ye. Yo bay moun ki siviv yo yon espas ki net e kote yo an sekirite pou yo aprann jere twomatis yo epi dekouvri ki opsyon yo genyen. CSVA yo gen obligasyon pou yo pwoteje entimite ak enfòmasyon konfidansyèl moun ki siviv yo (*gade N.J.S.A. § 2A:84A-22.14-15*), sof nan ekspesyon sa yo:

1. Viktim nan bay konsantman li alekri pou mande defandè a divulge enfòmasyon l yo;
2. Viktim nan divulge enfòmasyon ki gen rapò avèk abi oswa neglijan sou yon timoun oswa yon adilt ki vilnerab, kote lalwa egzije pou CSVA a rapòte sitiyasyon an (*gade N.J.S.A. §§ 9:6-8.9, 9:6-8.10, 9:6-8.14, AG Standard 7 for Providing Services to Victims of Sexual Assault [2018]*).



Si ou menm oswa yon moun ki pwòch ou viktim vyolans seksyèl oubyen si nou bezwen sipò, ou ka rele liy asistans Eta a, ki disponib 24 sou 24, nan **1-800-601-7200** oswa nou ka ale sou njcasa.org/find-help pou jwenn enfòmasyon sou pwogram lokal kont vyolans seksyèl yo ak lòt resous ki disponib.

SART AK WÒL CSVA YO

CSVA yo reprezante yon tyè nan ekip repons kont agresyon seksyèl la (Sexual Assault Response Team, SART). Ekip sa a gen plizyè moun ki ekspè nan diferan domèn, tankou ofisyè polis ak enfimyè egzaminatè agresyon seksyèl (sexual assault nurse examiners, SANE)/enfimyè egzaminatè mediko-legal (forensic nurse examiners, FNE). Lè yon moun ki siviv yon zak vyolans seksyèl aktivte yon SART, tout moun nan ekip la travay nan tèt ansanm pou ede moun ki siviv la jwenn epi itilize sèvis medikal, sèvis jiridik ak lòt kalite sipò ki disponib.

Ekip SART la gendwa aktivte atravè yon lopital, yon pòs polis oswa yon pwogram kont vyolans seksyèl. **Lè yo bay konsantman yo pou aktivte SART la, moun ki siviv yo kapab mande oswa refize nenpòt pati nan SART la, tankou polis la, SANE/FNE yo oswa defandè konfidansyèl yo.** Lè SART la aktivte, manm yo sipoze reponn nan lespas inèdtan.

Moun ki siviv ki gen 13 lane oswa plis yo epi ki bay konsantman yo pou SART la aktive kapab jwenn sèvis sa yo si yo te sibi yon agresyon nan **7 dènye jou ki sot pase yo** (oubyen, si yo te pran plis tan pou rapòte zak la, jiska 9 jou apre agresyon an si yon SANE/FNE detèmine li ka toujou jwenn prèv mediko-legal ki ka sèvi).

FASON POU W VIN YON CSVA

CSVA yo detèmine pou yo sèvi moun ki siviv yo ak moun ki pwòch yo avèk konpasyon, konpreyansyon ak respè. Yo vle travay kont rasis ak opresyon pou kreye yon monn kote pa gen vyolans. CSVA yo ka soutni liy asistans ki disponib 24 sou 24 la nan pwogram yo a, yo kapab sèvi antanke manm ekip repons kont agresyon seksyèl yo, epi yo kapab ede moun ki siviv yo pran bonjan desizyon epi itilize sistèm ak sèvis ki disponib yo.

Ou kapab aplike pou vin yon CSVA nan youn nan pwogram kont vyolans seksyèl nou genyen yo nan New Jersey si w ranpli kondisyon sa yo*:

- Ou genyen 18 lane oswa plis;
- Ou pa rete lwen pwogram konte a;
- Ou gen yon lisans machin ki valid ak/oswa yon mwayen transpò ou ka fè konfyans;
- Ou ka bay moun ki siviv yo sèvis avèk asirans (oswa ou dispoze aprann fè sa!);
- Ou dispoze bay konsantman w pou nou verifye antesedan jidisyè w yo;
- Ou dispoze aprann plis bagay ki gen rapò ak vyolans seksyèl la ak sistèm yo, epi ou dispoze suiv yon fòmasyon pou CSVA ki dire omwen 40 èdtan;
- Ou aksepte ranpli obligasyon legal ou pou rapòte nenpòt abi ki fèt kont yon timoun oswa kont yon granmoun aje; epi
- Ou gen detèminasyon pou sèvi tout moun nan kominote a, kèlkeswa sèks yo, laj yo, oryantasyon seksyèl yo, ras yo, gwoup etnik yo, relijyon yo oswa pratik espiritiyèl yo, revni yo oswa kapasite yo.

*Pwogram endividyèl yo kapab gen egzijans siplemantè.

Jwenn plis enfòmasyon:

www.njcasa.org/get-involved/volunteer

njcoalition
against sexual assault